

OU GEN DWA POU VOTE

LIY ASISTANS POU DWA VÒT NAN JOU ELEKSYON AN

Rapòte pwoblèm entimidasyon sou elektè yo ak lòt pwoblèm

1-866-OUR-VOTE

(1-866-687-8683)

Si w te temwen :

- Nenpòt kalite asèlman nan biwo vòt yo
- Moun k ap fotografye oswa k ap anrejistre elektè yo sou videyo lè y ap rantrè oswa lè y ap sòti
- Tout tantativ pou entimide elektè yo
- Y ap refize elektè ki anrejistre yo vote
- Y ap konteste validite bilten vòt elektè yo pou nenpòt rezon
- Entèferans ak elektè yo
- Dezòd nan biwo vòt yo
- Liy ki ekstrèmman long
- Machin vòt ki pa fonskyone
- Y ap anpeche elektè ki anrejistre vote paske yo fèk demenaje
- Y ap refize pèmèt elektè ki analfabèt yo oswa elektè ki gen andikap yo resevwa èd nan men yon moun yo chwazi pou ede yo.
- Menas pou yo rapòte elektè yo bay ofisyèl imigrasyon
- Refize bay bilten vòt nan lang panyòl oswa lòt lang pou elektè ki pa pale anglè yo
- Pa gen ase bilten vòt
- Retade ouvèti biwo vòt yo



RELE GRATIS NAN

1-866-OUR-VOTE

(1-866-687-8683)

Tanpri rele toutsuit pou rapòte nenpòt pwoblèm ou obsève pou nou ka rezoud yo leplivèt posib.